ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№95 (23.003) ● 2015 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Шапкинэ Л. А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Республикэм и суд IэнатIэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Шапкинэ Любовь Анатолий и пхъум**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм накъыгъэм и 19-м*
*№70-УГ*

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Москва щыхуэзащ «РЖД» ОАО-м гъущI гъуэгу вокзалхэмкIэ и дирекцэм и унафэщI Вотолевский Виталий

**Зэlущlэм щытепсэлъыхьащ «Налшык» гъущI гъуэгу вокзалыр къалэм дэхыным теухуа проектыр гъэзэщIэным пыщIа Iуэхухэм.**

КIУЭКIУЭ Юрий къыхигъэщхьэхукIащ иджырей вокзал комплекс ухуэным хуэгъэзауэ нэхъ япэкIэ зэрызэгурыIуауэ щытар гъэзэщIэным республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. А проектым и фIыщIэкIэ гъуэгу тетхэм я шынагъуэншагъэр нэхъыфIу зэтрагъэувэнущ икIи абыхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм зрагъэубгъунущ. ВокзалыщIэр 2017 гъэм ирихьэлIэу къызэIуахын хуейщ.

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Калининград областым и губернатор Цуканов Николайрэ Iэ традзэнущ Зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий накъыгъэм и 25-м лэжьыгъэ IуэхукIэ Калининград областым кIуэнущ.**

АБЫ зэрыщыIэнум къриубыдэу республикэм и Iэтащхьэр IущIэнущ Калининград областым и губернатор Цуканов Николай, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ а щIыналъэмрэ Сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм зэрыщызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ традзэнущ.

Апхуэдэуи Балтие флотым и командующэ Кравчук Виктор IущIэну, псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэм япэщIэтыф 227-нэ кхъухь мыиным «Къэбэрдей-Балъкъэр» цIэр зэрыфIащам теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыну яубзыхуащ.

Официальнэ лIыкIуэхэм яхэтщ КъБР-м и Правительствэм щыщхэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Хъыбар гуапэ

## ПщIэрэ щIыхьрэ



Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм, Къэрэшей-Шэрджэсым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и адыгэ къудамэм я унафэщI, ЩIДАА-м и вице-президент **Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр и пхъум** иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ Адыгэ Республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - «Адыгейм и щIыхь» медалыр. АР-м и пащхьэ щиIэ фIыщIэм, адыгэ Iуэхум и гуащIэ зэрыхилъхьэм, лъэпкъыр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, хабзэм, бзэм, щэнхабзэм, литературэм зезыгъэужьын куэд и Iэдакъэ къызэрыщIэкIам щхьэкIэ Лейлэ къыщыхуащIа пщIэщ ар. И лэжьыгъэщIэхэмкIэ адыгэр иIэту куэдрэ ди япэ итыну абы ехъуэхъуащ АР-м и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.

Дуней псом къыщацIыху литературовед, критик, шэрджэс, абазэ, нэгъуей, къэрэшей литературэхэр щызэпкърих тхылъ куэд дыдэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа Бэчыжь Лейла дохъуэхъу и узыншагъэр быдэу, лъэпкъым хуищIэ Iуэху дахэм и хъер илъагъужу куэдрэ псэуну.

● Хъуэхъу

***Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Тэтрокъуэ Астемыр и ныбжьыр накъыгъэм и 20-м илъэс 60 ирикъуащ. Адыгэбзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным илъэс куэд щIауэ ухуолажьэ, хэкупсэ нэсым и щапхъэу ущытщи, дынохъуэхъу!***



Уи псалъэ мыубзэщхъуу, уи зэфIэкI мыкIуэщIу, узыншагъэ уи бэу дяпэкIи уи лъэпкъым, уи унагъуэм уахуэлэжьэну, абыхэм къуат гурыфIыгъуэм уигъэгушхуэу иджыри куэдрэ радиом и «кIыщым ущылъэщэну» дынохъуэхъу.

***Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къабгъэдэкIыу.***

## Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 23, *щэбэт***

♦**Шылъэгум и дунейпсо махуэщ**
♦УФ-м и школхэм иужьрей уэзджынэр къыщоуэ.
♦**1769 гъэм** франджы инженер Куньо Николэ зы сыхьэтым километри 5 зыкIу автомашинэ зэпкърилъхьауэ щытащ.
♦**1801 гъэм** инджылыз инженер Тревитик Ричард бахъэкIэ зекIуэ автомобиль къигупсысащ. Абы зы сыхьэтым километр 14,5-рэ икIуфырт.
♦Адыгэ хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ, «Шиферник» ОАО-м (Краснодар) и генеральнэ директор **Сагуэ Хьид** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
♦Венэ (Австрие) щекIуэкIынущ «Евровидение» зэпеуэм и кIэух Iыхьэр.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 24, *тхьэмахуэ***

♦**Паркхэм я европэпсо махуэщ**
♦**Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ**
♦**Иордание Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**
♦«Комсомольская правда» газетым и япэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэс 90 ирокъу.
♦Накъыгъэм и 25 - мэкъуауэгъуэм и 26-хэм УФ-м Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр щекIуэкIынущ.
♦Урыс тхакIуэшхуэ, Нобель, Ленин саугъэтхэм я лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Шолохов Михаил** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Иуан Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Анзор Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 19 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 25, *блыщхьэ***

♦**ЯфIэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Филологым и махуэщ**
♦**Африкэм и махуэщ**. Африкэ зэкъуэтыныгъэм и зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща махуэщ.
♦**1987 гъэм** «Сыбыр» мылкъутэ атом кхъухьыр Полюс Ищхъэрэм нэсащ.
♦Адыгэхэм я тхыдэр зыджа осетин щIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гарданов Батрэз** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.
♦ЮстицэмкIэ къэрал чэнджэщэгъу, жылагъуэ лэжьакIуэ **Ансокъуэ Мухьэрбий** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.
♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ **Тут Михаил** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Парт, къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Бозий Натбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм транспортымкIэ и академием и действительнэ член **ЗекIуэрей Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 26-рэ, жэщым градус 14 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Къуаргърэ пэт, и шырым «хужь цIыкIукIэ» йоджэ.**

# «Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу, Адэжь лъахэу Къэбэрдей!»



**Накъыгъэм и 21. Дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэм я псэр зэрощIэ а махуэм, Хэкум къыхуопабгъэ. Хабзэ зэрыхъуауэ, мы гъэми Налшык гъущI гъуэгум деж щызэхуэсащ адыгэ щIалэгъуалэр. Шууеи 100-м нэблагъэ япэ иту ахэр Ленинымрэ и проспектым ирикIуэри, Хуитыныгъэм и Утым екIуэлIащ. Адыгэ фащэкIэ хуэпа адыгэ щауэхэр, пщащэхэр, сабийхэр «ГъащIэм и жыг» фэеплъым екIуэлIащ. Абдеж къащыпэплъэрт нэхъыжьхэр.**

АДЫГЭ лъэпкъым и Щыгъуэ махуэм хэтащ Парламентым, Правительствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр, къалэдэсхэр. Мы махуэм зыкърагъэхьэлIэжат хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщ куэдми. Къапщтэмэ, Тыркум щыщу цIыхуи 120-м щIигъу автобускIэ къэкIуащ, зыгуэрхэри кхъухьлъатэкIэ къэлъэтащ. Абыхэм яхэтащ а махуэм япэ дыдэу хэкум къиихьэжахэр. «ГъащIэм и жыгым» деж пщэдджыжьым щегъэжьауэ гъыбзэхэр, лъэпкъ уэрэдыжьхэр щыIуащ. Кавказ зауэм и тхыдэм теухуауэ IутIыж Борис игъэхьэзырауэ щыта усэмакъамэ зэщIэжьыуэр къатащ.

- Илъэси 151-рэ ирокъу Кавказ зауэр зэриухрэ. Нобэ дэ я щIыхьыр дохъумэ а зауэм зи псэ щызытахэм. Сыт хуэдэ зауэри цIыхуукIщ. Кавказ зауэм ди лъэпкъым къыхуихьащ гуIэгъуэшхуэ. Ахърэт нэху Тхьэм къарит зи псэ зыта ди нэхъыжьыфIхэм. «Пэжщ, щыIащ, дощIэж. Ауэ ипэкIэ добакъуэ, лъэпкъыр ефIэкIуэн щхьэкIэ», - щыжытIэ хъун махуэщ нобэ. Дунейр инмэ, ди лъэпкъым абы хуэфащэ увыпIэ щеубыдри, япэкIэ дыкIуэтэнщ, дефIэкIуэнщ, нэхъ дахэ дыхъунщ, - къызэIуихащ пэкIур КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

КъБР-м ис Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм дыуэ ящIа нэужь, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист **Гуазэ Тимур** «ИстамбылакIуэ» гъыбзэр жиIащ. Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щыгъуащ, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

- Хэкужьым дыкъэкIуэжауэ, ди къуэшхэм даригъусэу дахуощыгъуэ илъэсищэ зауэм хэкIуэда ди лъэпкъэгъухэм. Дэ дызэрыс къэралми илъэс куэд щIауэ щыдогъэкIуэкI Щыгъуэ махуэм ехьэлIа дауэдапщэхэр. Ауэ хэкум къыщызэбгъэпэщым хуэдэ ар хъуркъым. Ди лъахэ дыкъихьэжу ди лъэпкъэгъухэр тлъагъуну, Iуэху ядэтщIэну, дызэчэнджэщыну нобэ Iэмал диIэщи, ар хъарзынэщ, - жиIащ Кавказ Хасэхэм я федерацэу Тыркум щыIэм и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшар**.

- Адыгэ лъэпкъым и щхьэ гузэвэгъуэшхуэ къэрикIуащ. Накъыгъэм и 21-р махуэ гуауэщ... Хэкум дыкъэкIуэжын ипэ щыгъуэ пэкIу едгъэкIуэкIащ, Тыркум и дэтхэнэ къали, къуажи дэс адыгэхэр дызэхуэсри. Ди адэжьхэр зэрытщымыгъупщэнур, я хабзэр зэрытхъумэнур абы щыжытIащ, гъыбзэ дыщыщIэдэIуащ.

КАФФЕД-м хэт Хасэхэм я лIыкIуэу автобуситI из щIалэгъуалэ Хэкум къэкIуэжащ. Абыхэм ящIэ ди дадэжьхэм я хъыбархэр, ящыгъупщэркъым ди хабзэхэр. Абыхэм соупщI нобэ екIуэкI Iуэхухэр къазэрыщыхъумкIи, я жэуапхэм къахощ Хэкум псэкIэ пыщIауэ зэрыщытыр. Мыр зы лъэбакъуэу къэтчауэ арауэ къы-золъытэ. ХамэщI щыпсэу адыгэхэр, лъэпкъым ди щIалэгъуалэр Хэкум нэхъыбэу къишэжын хуейщ, - къыддэгуэшащ и гупсысэкIэ КАФФЕД-м хэт **Шыгъэлыгъуэ Уэджид**.

*(КIэухыр 6-нэ нап.)*









Налшык, 2015 гъэм накъыгъэм и 21-м. *Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




● Фэ фщIэрэ?

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Буревестник малый** - борэн пежьэ цIыкIу.
**Горихвостки** - бзукIэплъхэр.
**Дрозд** - бзугъуабжэ.
**Кваква** - псыхэуэпщагуэ, псыхэуэпщэкIэщI.
**Кеклик** - къуршджэд.
**Дупель** - бжьыхьэджэд.
**Дятел** - жыгыуIу.
**Жаворонок лесной южный** - мэзуэгунэбзу.
**Иволга** - бжэндэхъугъуэжь.
**Каменка** - бзукIэзэгуэх.



Истамбыл и Таксим утыкум деж щыт «The Marmara» хьэщIэщым и 20-нэ къатым и щхьэгъубжэм укъыдэплъмэ уIуоплъэ мы дахагъэм. Къалэр тIууэ зэпызыупщI Босфор псыдэжыпIэм щес кхъухьхэм уакIэлъыплъыныр гухэхъуэщ.
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэхъу

***Налшык къалэ щыпсэу Тэмазэ Миланэ Лиуан и пхъум курыт еджапIэр къеух, илъэс 18 ирокъури, дохъуэхъу***



ФIыкIэ дызыщыгугъ ди пщащэ гъэфIэн, Миланэ, илъэс 18 ущрикъу, балигъ гъащIэм ущыхэбакъуэ махуэмкIэ дынохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ, дэрэжэгъуэ мыкIуэщI уиIэу, узыщIэхъуэпс IэщIагъэм уи цIэр фIыкIэ игъэIуну, уи уафэр къащхъуэрэ щIылъэр щхъуантIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, уи щэнымрэ акъылымрэ уаIэту, цIыхугъэр къыбдэбагъуэу, уи адэ-анэр, къыбдалъхуахэр уэркIэ гушхуэу, гуфIэгъуэ кIэншэр уи Iэпэгъуу, насыпрэ беягъэкIэ гъэнщIа гъащIэ дахэкIэ дыпхуохъуахъуэри, а псори Тхьэм нахуапIэ пщищI!

***Уи анэшхуэм и шыпхъу Розэ, уи анэ шыпхъу Таисэ, уи анэм и дэлъхухэу Батыррэ Маратрэ, уи адэ Лиуан, уи анэ Тамарэ, уи дэлъху Тимур.***

● ФIыщIэ

## Гъэсэныгъэ екIурэ щIэныгъэ куурэ

**Егъэджакlуэ IэнатIэр зэрыгугъур псоми дощIэ. «ЦIыху зыпI цIыху уасэ хон», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Аращ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэщIагъэм зи гъащIэр тезыухахэм гулъытэ инрэ пщIэ хэхарэ щIахуэфащэр. Сыт хуэдэ щIэныгъэ куу, зэчий лъагэ, гъэсэныгъэ екIу убгъэдэлъын хуей, сабийхэр фIыуэ плъагъуу, зэфIэкIыу уиIэр щIэблэм епхьэлIэу а IэнатIэм упэрытын щхьэкIэ. Гурэ псэкIэ къыхэпхауэ щытмэщ абы ущрилэжьэфынур, тыхь зыщыхуэпщIыфынур.**

НАРТАН жылэм къыдэхъуэ щIэблэм апхуэдэу гу къабзэу ядолажьэ ди къуажэм дэт курыт школ №2-м и егъэджакIуэхэр. ЗэрыжаIэщи, Iуэхур фIы хъунуми, Iей хъунуми куэдкIэ елъытащ пашэм. АтIэ, шэч хэлъкъым, Думэныщ Сусаннэ хуэдэ унафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм хуэдэ зи унэтIакIуэ егъэджакIуэ гупым зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм абыи и фIыгъэ ин зэрыхэлъым. Школми абы къепха сабий садми лэжьыгъэ купщIафIэ щокIуэкI ди щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIурэ яIэу къэгъэтэджыным хуэунэтIауэ. Лэжьыгъэшхуэ зэфIах Хьэкъул Анусэ, Дэхъу Маринэ, Бэрэздж Хужьпагуэ, Къанымгъуэт Заремэ, ТIыхъужь Светланэ, Наурыз Iэмирэт, Мэрем Рахимэ, Бекъанхэ Майерэ Марьянэрэ, Къамбий Маринэ, Дол Марие, Урыс Джульеттэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

ПщIэ зыхуэсщI «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу, фIыщIэ ин яхуэсщIыну икIи сехъуэхъуну сыхуейт ди школым и унафэщI Думэныщ Сусаннэрэ абы и нэIэм щIэту лажьэ егъэджакIуэхэм, ирагъаджэ ныбжьыщIэхэм. Гъэ еджэгъуэр узыншэу къэвухыну, къыфпэщылъ къэпщытэныгъэхэм ехъулIэныгъэ фиIэу фапэлъэщыну ди гуапэщ. Фи мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къывэхъулIэу Тхьэм фигъэпсэу!

**КЪАНЫМГЪУЭТ ФатIимэ,**
*унэгуащэ.*
*Нартан къуажэ*

# Дыжьын и лэжьыгъэщIэ

● ДифI догъэлъапIэ

**Абхъаз Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Чурей Дыжьын «Из песенно-инструментальной традиции абхазов» зыфIища и тхылъым теухуа зэхыхьэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым щекIуэкIащ.**



ЧУРЕЙ Дыжьын 1972 гъэм Тыркум къыщалъхуащ. Истамбыл курыт еджапIэр къыщиуха нэужь, 1992 гъэм и адэ Алий Хэкужьым къишэжащ. 1993 - 1998 гъэхэм Дыжьын щеджащ КъБКъУ-м и филологие факультетым инджылызыбзэмрэ инджыл литературэмкIэ и къудамэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ училищэм цIыхубэ макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ и къудамэм. 1999 гъэм КъБКъУ-м и аспирантурэм Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джынымкIэ и кафедрэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. 2003 гъэм абы пхигъэкIащ «филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат» цIэр къыфIезыгъэща лэжьыгъэр. Ар щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым. 2010 гъэм щыщIэдзауэ Абхъаз Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и къэрал институтым IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэлI нэхъыжьщ, Сыхъум щопсэу. Мы зэманым Тыркур зи хэщIапIэ хэхэс адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я макъамэ Iэмэпсымэхэм ятеухуа къэхутэныгъэхэр ирегъэкIуэкI. Зи щIыналъэр залымыгъэкIэ зрагъэбгына адыгэхэм я щхьэм кърикIуа гузэвэгъуэм, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм ятеухуа монографие, щIэныгъэ лэжьыгъэу 70-м щIигъу Чурей Дыжьын адыгэбзэкIэ, тыркубзэкIэ, инджылызыбзэкIэ къыдигъэкIащ.

Пшыхьым къыщыпсэлъахэм ящыщщ **Сосналы СулътIан и щхьэгъусэ Любэ**. Абы къыхигъэщащ Дыжьын хуэдэ цIыху лъэпкъым къыщыхэкIым и деж ар зэрынасыпышхуэр, адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я тхыдэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр хъумэным теухуа лэжьыгъэ куэд зэрыригъэкIуэкIыр зэрыуасэншэр. Любэ Дыжьын ехъуэхъуащ дяпэкIи лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ игъэгуфIэну, насып, узыншагъэ щымыщIэну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Ширдий Маринэ** кърихьэлIахэр хигъэгъуэзащ Дыжьын и Iуэхур къызэрекIуэкIам. Чурей Алий илъэс 20 фIэкIа мыхъу ипхъу гъэфIэныр Черкесск къишэжри къигъэнат хэкум щригъэджэну, адыгэхэм яхигъэсыхьыжыну.

- Алий лIыгъэ зэрихьауэ жыпIэ хъунущ, СССР-р щылъэлъэжа зэманым ди къэралыр зыхэхуа гугъуехьхэм емыплъу и пхъур къыщигъэнэфакIэ. Си фIэщ хъуркъым абы хузэфIэкIар зыхуэщIэн куэд щыIэу. И адэм и хъуэпсапIэр Дыжьын къехъулIэн папщIэ гугъуехь мащIэкъым зыпэщIэтар, ауэ, зэрыфлъагъущи, хэкум ис куэдым яхузэфIэмыкI мы хъыджэбзым зригъэхъулIащ - IэщIагъэ зригъэгъуэтащ, макъамэ гъуазджэм теухуа лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Къэлъытапхъэщ хамэ щIыпIэм ущылэжьэну, абы я щIэныгъэм ухыхьэу уи псалъэ щыпхыбгъэкIыну зэрыгугъур. Ар Дыжьын хузэфIэкIащ, - жиIащ Маринэ. - Хэкум исхэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ ди зэпыщIэныгъэр иужьрей илъэсхэм нэхъ быдэ зэрыхъур ди нэгу щIокI. Ар Iуэху дахэщ, фIыщ. Дыжьын хуэдэ хъыджэбзхэр, щIалэхэр нэхъыбэу ди лъэпкъым къыхэкIыну, зыдужьыну, дефIэкIуэну, диIэр тхуэгъафIэу, тхуэIэту дыпсэуну си гуапэщ.

«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ **Къаныкъуэ Заринэ** жиIащ мы тхылъым нэхъапэIуэкIэ зэрызыщигъэгъуэзар, езы Дыжьын зыхэта, Абхъаз Республикэм и «Гунда» макъамэ ансамблым и тхыдэм теухуауэ абы ихуахэр зэрыгъэщIэгъуэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ зэпызыщIэ, и адэм и хъуэпсапIэр зэзыгъэхъулIэфа хъыджэбзым и Iуэхухэр дяпэкIи кIуэтэну Заринэ Дыжьын ехъуэхъуащ икIи сыткIи дэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр и псалъэм щIигъужащ.

Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым и профессор Шэрыб Валери Дыжьын фIыщIэ хуищIащ макъамэр зи Iэпэгъухэм, щIэблэм яхуэщхьэпэн тхылъ къызэрыдигъэкIам папщIэ.

Дыжьын тепсэлъыхьащ тхылъым зэрелэжьам, ар зытеухуам. Абы фIыщIэ яхуищIащ зэхыхьэм кърихьэлIахэм, и лэжьыгъэм и пщIэр къэзылъытахэм.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Апекъуэ Жаннэ зи унафэщI «Успех» школым и гъэсэнхэм. НыбжьыщIэхэм уэрэд жаIащ, къэфащ, «ЩIопщакIуэ» хабзэр, спортым щаIэ зэфIэкIхэр ягъэлъэгъуащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Шхыныгъуэхэр

### КIэртIоф лэкъум

КIэртIоф укъэбза псы щIыIэкIэ ятхьэщIри лыхьэжым щIагъэкI, тепщэчышхуэм иралъхьэри шыгъу, джэдыкIэ цIынэ халъхьэ, пщагъэр псы хуабэкIэ зэхащIэ, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа халъхьэри тхьэвым хуэдэу япщ. Ар зэрылъ тепщэчым хьэжыгъэ траудэри, къэтэджын щхьэкIэ зы сыхьэт-сыхьэтрэ ныкъуэкIэ хуэбапIэм ягъэув. Тхьэв тэджар чыржыным хуэдэу пIащIэу, хъурей цIыкIуурэ ящI, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ, зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Шатэ тракIэри яшх. Шэ щIыIи удефэ хъунущ. Мыр гъатхэм нэхъ ящIырейуэ щытащ.

**Халъхьэхэр** *(цIыхуищ Iыхьэ):*

кIэртIоф укъэбзауэ - г 500,
псы хуабэу - г 30,
гуэдз хьэжыгъэу - г 200,
пщагъэу - г 20,
джэдыкIэу - г 20,
тхъууэ - г 100,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

### ШэкIэ щIа хугу хьэнтхъупс IэфI

Хугу лъэсар шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм хакIутэ, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр щабэ ящIри, дакъикъи 10-12 хуэдизкIэ ягъавэ шыуаныщхьэр тепIауэ, зэзэмызи тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтIанэ шэ гъэпщта щIакIэ, фошыгъу халъхьэри зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафIэр щабэ ящIри, зэзэмызэ зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Iэнэм фалъэм иту пщтыру трагъэувэ, тхъуцIынэ халъхьэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

**Халъхьэхэр** *(зы цIыху Iыхьэ):*

псыуэ - г 200,
хугуу - г 50,
шэуэ - г 450-рэ,
фошыгъуу - г 15,
тхъуцIынэу - г 25-рэ,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Накъыгъэм и 24-р Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ

## Къэрал куэдым щагъэлъапIэ

ЛЪЭПКЪХЭР зэгурыIуэнымкIэ бзэмрэ щэнхабзэмрэ къалэнышхуэ зэрахьыр псом ди дежкIи гурыIуэгъуэщ.

УзэщIа-кIуэ цIэрыIуэхэу Кириллрэ Мефодийрэ (зэкъуэшщ) я фэеплъыр щIыпIэ куэдым сакъыу щахъумэ. КъызэралъытэмкIэ, славяныбзэр 863 гъэм зэфIэувэу хуежьащ, Кириллрэ Мефодийрэ алыфбейр зэхалъхьа иужь. Мы махуэр къэрал куэдым, абыхэм Урысейри яхэту, щагъэлъапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм ящыщщ Налшык къалэ и жыг хадэм накъыгъэм и 24-м къыщызэрагъэпэщыну концертыр. Апхуэдэу республикэм и щIыналъэхэм библиотекэхэми ЩэнхабзэмкIэ унэхэми славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа зэхыхьэхэр щыIэнущ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Зауэ лъэхъэнэм ди губгъуэхэм нэхъыбэу къыщагъэсэбэпу щыта «транспорт». **5**. «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зрата ди лъэпкъэгъу Мусэ ... **6**. 1945 гъэм накъыгъэм и 2-м Кантариерэ Егоровымрэ Берлин дэт рейхстагым и щхьэм щыфIадза ныпыр плъыжьышхуэ. **9**. Ди зауэлIхэм я ... хэкур бийм къыIэщIахыжащ. **10**. Фронтым дэкI щIалэм нэхъыжь Iумахуэм жреIэ: « Уи псэ уемыблэжу уи къэралыр ... » **12**. Хэку зауэшхуэм хэта, Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **15**. Совет Союзым и ЛIыхъужь зэкъуэшитI къызыхэкIа лъэпкъ. **16**. Накъыгъэм и 9-м ... лъапIэхэр иратащ зауэм хэта нэхъыжьыфIхэм. **17**. Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей Назир и ... зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **18**. Хэку зауэшхуэм танкзехуэу хэта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **20**. Зауэм теухуауэ КIыщокъуэ Алим итха поэмэ. **23**. Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуа адыгэ офицер, усакIуэ цIэрыIуэ. **24**. Ди щIыналъэм ита бийхэм я нэхъ цIыху Iейхэр апхуэдэ хьэпщхупщ шынагъуэм ирагъэщхьырт. **25**. Ди щIыпIэм фашистхэр къыщыкIуэм цIыхухэр зэрыса щIытIхэр зэрагъэхьэзыра Iэмэпсымэ. **28**. Зауэм щыгъуэ ди адыгэ зауэлIхэр зытеса шы нэхъ лъэрызехьэхэр зрагъэщхьу щыта, таурыхъхэм узыщрихьэлIэ шы. **29**. Нэмыцэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщихьа илъэсым къалъхуа еджагъэшхуэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщIу щыта. **31**. Зи адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэда адыгэ тхакIуэ, усакIуэ. **32**. Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **34**. Колхоз тхьэмадэу илъэс IэджэкIэ лэжьа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, зи сабиигъуэр зауэм хиубыда. **35**. Зауэр щекIуэкI губгъуэм и ... къабзэр яуцIэпIат топышэхэмрэ лагъым кърадзыххэмрэ я гын Iугъуэм. **37**. Фронтым зи ... къимыкIыжа анэхэм мыгъуэр я махуэт. **39**. Хэку зауэшхуэм теухуа усэ телъыджэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа усакIуэ. **41**. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьа румынхэр, щIагъуэ къэмынэу, ... къэс щIэсащ. **42**. Зауэ зэманым зи хэку епцIыжахэм ... ирахащ. **43**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэинщ: ауэ абы къару къаритыпт зи щхьэгъусэ зауэм къикIыжыну пэплъэ цIыхубзхэм.

***Къехыу:*** **1**. Зи акъылыр зыфIэкIуэда цIыху. Апхуэдэм ирагъэщхьу щытащ дуней псом тепщэ щыхъуну зи мурада Гитлер. **2**. Фронтым Iут сэлэтым письмо къызыхуитхыу щыта и анэкъилъху. **3**. Зауэм хэт лъэныкъуитIми я танкхэр нэхъыбэрэ щызэпэщIэувэу щыта щIыпIэ, тафэ. **4**. Фронтым лIыгъэ щызезыхьа адыгэ офицер, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **7**. Ди адыгэ щIалэхэр фронтым щыкIуам зытеса шыхэм апхуэдэ куэд яхэтащ - я цыр цIурэ къарэу. **8**. Зи сабиигъуэр зауэм хиубыда, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьу цIыхуищ къызыдэкIа къуажэ. **11**. Партизанхэм я хэщIапIэу щыта щIыпIэ. **13**. Зи бын хъыбарыншэу кIуэдауэ тхылъымпIэ къызыIэрыхьа ... дунейр къытеункIыфIат. **14**. Зауэм хэкIуэдахэм хуагъэува фэеплъхэм пэгъунэгъуу апхуэдэ жыгхэр щыхасащ. **19**. «Сэлэт ... » - Хэку зауэшхуэм теухуауэ КIыщокъуэм итха усэ Iэрамэм щыщ зы. **21**. Зиусхьэн лъэпкъ. **22**. «Зауэм и кIэр хьэдагъэщ» жыхуаIэращи, апхуэдэ сабий мащIэ къэна зеиншэу. **26**. 1945 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм ди хэкум и ... Мэзкуу щекIуэкIащ ТекIуэныгъэм и парад ин. **27**. Зауэм связисту хэта ди лъэпкъэгъу, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **29**. Ди хэкум къытеуа бийм и нэ къикIырт щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэр, ... къыщIэхыпIэхэр иубыдыну. **30**. Зи бын къэзымыгъэзэжа анэхэм ... мащIэ щIагъэкIа. **33**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **36**. 115-нэ дивизэм хэта ди зауэлIхэм я шы Iэпслъэпсым щыщщ. **37**. Ди язынықъуэ къуажэхэм дэсащ бийм ... хуэзыхьу партизан езыгъэубыду щыта цIыху мыхьэнэншэ закъуэтIакъуи. **38**. Зауэм хэкIуэда адыгэ усакIуэшхуэ Щоджэнцlыкlу Алий и усэ цIэрыIуэ. **40**. Адыгэ зауэлI, Совет Союзым и ЛIыхъужь.

Зэхэзылъхьар
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Накъыгъэм и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Пэшэж. **6**. Щомахуэ. **7**. Мазэгъуэ. **9**. Псым. **11**. ХьэщIэ. **12**. Пкъынэ. **13**. Жэп. **15**. Усэ. **16**. Хьер. **17**. КIий. **18**. Гъунэ. **21**. Iэбгъэ. **22**. Бардэ. **24**. Щиху. **25**. Нал. **26**. Бжы. **27**. Шэ. **31**. Жьей. **34**. Хьэиуэ. **36**. Удын. **37**. Ерыщ. **38**. Губзыгъэ. **39**. Чэнджэщ. **41**. Сыхьэт.

***Къехыу:*** **1**. ПхъэIэпэ. **2**. Шху. **3**. Жэмыхьэт. **4**. Сохъустэ. **5**. БгъуэщIэс. **8**. Псыкъуий. **10**. Мы. **11**. Хьэ. **14**. ПхъэIэщэ. **15**. Уэрэдыжь. **19**. Бгъэ. **20**. Къаз. **23**. Каринэ. **28**. Шэдыбжь. **29**. ТхьэщIэпс. **30**. Хьэрычэт. **32**. Емынэжь. **33**. Хъун. **35**. Яе. **40**. Кхъухь.

# КъызыхэкIам хуэфащэ пщащэ

● КъежьапIэ

**ЦIыхум хэлъ хьэл-щэныр, гъэсэныгъэр, дуней тетыкIэр куэдкIэ елъытащ къыщыхъуа унагъуэм, абы ис нэхъыжьыфIхэм ятриха щапхъэм. Абы и лъэныкъуэкIэ Щоджэнцlыкlу Еленэ и кIэн къикIауэ жыпIэмэ ущыуэнукъым.**



Щоджэнцlыкlу Еленэ

ЕЛЕНЭ и дежкIэ щапхъэхэщ и адэшхуэ Лиуан, абы и адэ, адыгэ литературэм и классик Щоджэнцlыкlу Алий, и анэм и адэ, БизнесымкIэ институтым и ректор Хьурей Феликс, и адэ, КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэхэм я щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэ Мурат, и анэ, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и егъэджакIуэ, профессор Хьурей Заирэ сымэ. Республикэм исхэр фIыуэ щыгъуазэщ абыхэм лъэпкъ литературэм, щIэныгъэм, щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIам. Хъыджэбзым и хъуэпсапIэщ абыхэм я лъагъуэм ирикIуэну.

Илъэс 19 зи ныбжь Еленэ махуэ къэс хущIэкъу зэпытщ щIэ гуэр зригъэщIэным, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым и зэфIэкI щеплъыжыным. И ныбжьми емылъытауэ, зэхэщIыкI ин зыдэплъагъу хъыджэбз жыджэрым фIыуэ къыгуроIуэ псынщIэу зызыужь иджырей гъащIэм зыдебгъэкIуфын зэрыхуейр. Аращ Еленэ тхылъ куэд щIеджэр, и щIэныгъэм щIыхигъахъуэр.

Хъыджэбзым и япэ усэр щитхам и ныбжьыр илъэс 13 хъууэ арат. Еленэ зэрыжиIэмкIэ, и щхьэм къихьэ гупсысэхэр тхылъымпIэ напэм нимыхьэсынкIэ Iэмал имыIэу «къоныкъуэкъу». Апхуэдэу итха хъуащ усэхэр, романсхэр, балладэхэр, рассказхэр.

Еленэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым, БизнесымкIэ институтым, Москва дэт финанс-промышленнэ академием щоджэ. Пщащэм еджапIэхэр иджыри къимыухами, къыхихыну IэщIагъэм егупсысащ. Еленэ и мурадщ музейм и лэжьакIуэ, щэнхабзэ Iуэхухэм ехьэлIа къэхутакIуэ, макъамэ, литературэ критик е егъэджакIуэ хъуну. КIэщIу жыпIэмэ, пщащэр щIохъуэпс щэнхабзэм хуэлэжьэну. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. Налшык къалэм и лицей №2-м щыщIэсам Музыкэ школыр къэзыуха Еленэ щэнхабзэр, гъуазджэр, макъамэр зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ елъагъу, фортепианэрэ гитарэрэ йоуэ, сурэт щIыным дехьэх. КъищынэмыщIауэ, Еленэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэм зыхигъэгъуэзэну, я бзэр иджыну фIэгъэщIэгъуэнщ. ИнджылызыбзэкIэ уэрсэру мэпсалъэ. ЖыпIэнурамэ, къызыхэкIам хуэфащэу мэпсэу.

**БЖЬЫХЬЭ Розэ.**

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм щыхагъэгъуазэ, чэнджэщхэр щат «Социальнэ телефон хэха» щолажьэ (8-800-200-66-07). Социальнэ, правовой, психилогие Iуэхухэм теухуауэ щIэупщIэнухэр абыкIэ псалъэ хъунущ, апхуэдэу наркотикым, фадэм, зытхьэкъу джэгукIэхэм, нэгъуэщI гуэрхэм зыIэпашахэм зыхуей жэуапхэр щагъуэтынущ.

Бынымрэ адэ-анэмрэ я зэхущытыкIэхэм, лей зытехьэ сабийхэм я Iуэхум игъэпIейтейхэр, психологие чэнджэщ хуэныкъуэхэр «Дзыхь зыхуащI» сабий телефонымкIэ (8-800-200-01-22) фыпсалъэ.

ЦIэ-унэцIэхэм щIэупщIэнукъым, къызэрыгуэкI телефонхэми, къыздрахьэкIхэми псэлъапщIэ хэкIынукъым.

**ТОКЪМАКЪ Мадинэ.**

## Гуащэ театр нэхъ ин дыдэр ди хьэщIэщ

Накъыгъэм 24-м Налшык къалэ и Курзалым зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Образцов Сергей и цIэр зезыхьэ Къэрал академическэ гуащэ театрым.

Накъыгъэм и 24-м сыхьэт 12-м, 15-м «Кот в сапогах» спектаклыр ягъэлъэгъуэнущ.














# «Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу, Адэжь лъахэу Къэбэрдей!»

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

- Си лъэпкъэгъухэм Щыгъуэ махуэм захуэзгъэзэнут! Мыр тщыгъупщэ хъунукъым, къыдэкIуэтей щIэблэм ялъэдгъэIэсыжын хуейщ. Дызэплъэкl зэпыту дыпсэун хуейуэ аракъым ар тщыгъупщэ щIэмыхъунур. АтIэ, япэрауэ, апхуэдэ афIэкl къэдмыгъэхъужын, етIуанэрауэ, лъэпкъым зедгъэужьын, дгъэбэгъуэн, щIалэгъуалэ узыншэ диIэн зэрыхуейр къыдгурыIуэу абы дытелэжьэн папщIэщ.

Дапщэщи адыгэ лъэпкъыр нэгъуэщIхэм къахэщырт хабзэкIэ, нэмыскIэ, теплъэкIэ, псэлъэкIэкIэ, зыIыгъыкIэкIэ. Ди щхьэр лъапIэу, ди пщIэр лъагэу, блэкIар тщымыгъупщэу дыпсэуфыну Алыхьым жиIэ. Дунейм ехыжахэми дунейм къытенахэми гущIэгъу къытхуищIыну Алыхь лъапIэм долъэIу. Дыузыншэу, дефIакIуэу, дыбагъуэу мы щIыпIэ дахэм щыпсэун муслъымэн Алыхьым дищI! - жиIащ КъБР-м ис Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**.

Щыгъуэ пэкIур иуха нэужь абы хэтахэр екIуэлIащ Сэралъп Мадинэ и IуэхущIапIэ «Арт-ЦентркIэ» зэджэм. Абы адыгэ пшынэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIат. КъБР-м и Лъэпкъ музейми къыщызэрагъэпэщат гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр. «Адыгэхэр: лIыхъусэжьхэр, шууейхэр, зауэлIхэр» зи фIэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэм щIэлъхэр къыхахат Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я Лъэпкъ музейхэм, Сочэ къалэ и Тхыдэ-курорт музейм, Лазаревск Этнографиемкlэ и музейм, Армавир и Лъахэхутэ музейм, Геленджик и Тхыдэлъахэхутэ музейм, нэгъуэщIхэми я гъэтIылъыгъэхэм. Сэшхуэхэр, къамэхэр, Iэдакъэсэхэр, кlэпкъ сэжьейхэр, бжьакъуэсэхэр, нэгъуэщIхэри ди музейм щызэвгъэлъагъуфынущ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Шэху уэздыгъэхэм гуауэ яIуатэ...

Кавказ зауэм щекIуэкIа дзэ-политикэ зэпэщIэувэныгъэм (1763 - 1864 гъгъ.) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъым, «ГъащIэм и жыг» жыхуаIэм деж накъыгъэм и 20-м и пщыхьэщхьэм щызэхуэсащ лъэпкъым и бынхэм я лIыкIуэхэр. Адыгэм и тхыдэ гуузыр къызыхэщыж уэрэдыжьхэр, гъыбзэхэр жаIащ, усэхэм къеджащ. УэрэджыIакIуэхэу Ташло Алий, Щомахуэ Хьэсэнбий, «Шэджэм псыкъелъэхэр» гупым я макъым лъэпкъ гурыгъузхэм ухашэжырт.

«Бэгъэуш» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Бешто Аслъэн** захуигъэзащ къызэхуэсахэм:

- ФIэхъус фызох нобэрей зэхуэсым кърихьэлIахэм. Нобэ хуэдэ зы махуэщ ди лъэпкъым и дунейр къыщытеункIыфIар. Дэ ди къалэныр ди адэжьхэм къытхуагъэна уэсятым дытету дыпсэунырщ. Дунейм ехыжар зыщыгугъыр псэууэ къэнахэращи, нобэ дыкъыщIызэхуэсам и щхьэусыгъуэр зыщ: зауэ лъапсэрыхым зи псэ хэзылъхьахэр, ди дунейр тхуэзыхъумахэр, зи Хэку зыфIэкIуэдахэр, хым хэкIуэдахэр дигу къэдгъэкIыжыну арaщ. Псапэу Тхьэм къывитыж!

Iуэхум хэтхэм захуигъэзащ Тыркум къиIэпхъукIыжа адыгэ усакIуэ **Бабыгу Эргун:**

- Илъэси 151-рэ дэкIащ адыгэ лъэпкъыр дунейм текъухьа зэрыхъурэ. Хы ФIыцIэм къыхэнахэм, хэкум къыщIэхъуэпсурэ хамэ къэрал щыкIуэдахэм я псэр Тхьэм игъэтынш. Гур игъэузу дронэщхъей ди лъэпкъым и щхьэ кърикIуагуауэм. Илъэс къэс дызэхуосри, къэхъуам дытопсэлъыхь, ди гу бампIэр догъэтIыс. Ауэ щыхъукIи, а зэман бзаджэм къытхуихьауэ щыта гугъуехьхэм зыри яхэмыщIауэ ди пащхьэ къитщ. Адыгэр хамэ лъэпкъхэм яхэсу мэпсэу, яхокIуадэ. КъытхуешэлIэжыркъым ди хэкуэгъухэр. КъэкIуэжыну хуейм хуэзэфIэкIыркъым, апхуэдэ зигу имылъыххэри куэдщ. Зи унэ мафIэ иса цIыхур пыхьэу, тхьэусыхэу сахуэм хэскъым, къызэфIоувэжри, унэр щIэуэ еухуэж, фIэкIуэдар къеугъуеиж. АтIэ дэри дыкъызэфIэувэжын хуейкъэ! Абы папщIэ щхьэж къытлъыс тщIапхъэщ. Пэжщ, тхыдэм щыщ хъуа гузэвэгъуэр тщыгъупщэ хъунукъым. Ауэ абы игъащIэкIэ дрипыхьэу, дритхьэусыхэу дыщысынри къезэгъыркъым. АтIэ, къэхъуам акъыл къыхэтхыу, адэкIэ зэрызыдужьынум и Iэмал къэтлъыхъуапхъэщ. Гуауэр зыщыдгъэгъупщэнукъым, ауэ абы къытхуихьа тхьэмыщкIагъэр лъэныкъуэ зэредгъэзыным иужь дитын хуейщ. Зауэбанэ дыхуейкъым. Дыщыпсэу къэралым, абы ис лъэпкъхэм мыхъумыщIагъэ къалъысыныр дызыхуэмеиххэщ. Псоми пщIэ яхуэтщIу дывгъэпсэу. Ауэ, япэ дыдэу дэ езым ди щхьэ пщIэ хуэдывгъэщIыж! Зыри дымыгъэпуду, зыми зедмыгъэгъэпуду! Зыри хэдмыутэу, зыми зыхедмыгъэутэу!

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр къызэретшэлIэжын лъэпкъ программэ диIэкъым нобэр къыздэсым. IэмалрэхэкIыпIэрэ къэтлъыхъуэркъым. ФIым дызэрыхуэкIуэным дегупсысыркъым, дегупсысми, делэжьыркъым. Мы Iуэху зэIумыбзхэр утыку къитлъхьэмэ, «Iэмал къэдвгъэгупсыс» жытIэмэ, абы къикIыркъым къэралым деныкъуэкъуу. Ауэ а гугъуехьхэр дымылъагъу нэпцI зытщIмэ, ди щхьэ дгъэпудыжу, дызэплъыжурэ зыдгъэкIуэдыжу аращ къикIыр.

Дэнэ щIыпIи щыпсэу адыгэхэм я плъапIэри я гугъапIэри Хэкуращ, адэжь лъахэм къыщызэтена лъэпкъращ. Нобэ дыщIэщыгъуэ ди адэжьхэм пщIэуэ яхуэтщIыр къэзыгъэлъагъуэр абы я щIэину къытхуэна Хэкур, хабзэр, бзэр, лъэпкъыр зэрытхъумэрщ. Мис итIанэщ абыхэм яхуэфащэ дыщыхъунур. Тхьэм апхуэдэ махуэ гуауэ димыгъэлъагъужыну долъэIу, - жиIащ Эргун.

Пщыхьэщхьэм шэху уэздыгъэхэр пагъэнащ «151» бжыгъэр къищу. Хэкум зи псэ щIэзыта псом папщIи жьэрымэ ягъэури, «ГъащIэм и жыгым» деж щагуэшащ. Тхьэм я псэм лъигъэс!

**НАФIЭДЗ Заремэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

















Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.189
Заказ №842